



Sant Sante ak Byennèt ki baze nan lekòl Brien McMahon/CGS School



Norwalk
Community
Health Center

Byenveni nan McMahon/CGS School Based Health & Wellness Center

Yon kolaborasyon ant McMahon/Center for Global Studies School Based Health & Wellness Center, ak Sant Sante Kominote Norwalk

Ansanm avèk ou ak Doktè Prensipal pitit ou, nou pral travay pou kenbe pitit ou an sante ak nan lekòl. Si pitit ou pa genyen yon Doktè oswa founisè prensipal, nou ka ede w jwenn youn

Nou envite w chwazi tout sèvis pitit ou kapab bezwen pandan ane yo nan McMahon/CGS.

- Konsey konpotman (endividyel, fanmi, ak gwoup)
- Jesyon maladi kwonik (tankou opresyon, eczema) si NCHC se Founisè Swen Prensipal ou
- Edikasyon sante/rediksyon risk
- Entevansyon kriz ak prevansyon swisid
- Nitrisyon/jesyon pwa
- Fizik (espo, lekòl, oswa anvan travay)
- Egzamen Sante
- Vaksinasyon
- Dyagnostik ak tretman pou maladi ki pa grav/blese
- Sevis Didaktik Kont Entimidasyon
- Sante repwodiksyon

Si ou menm oswa pedyat pitit ou gen kesyon, bezwen plis enfòmasyon, oswa ou vle enskri pou McMahon/Center for Global Studies School Based Health & Wellness Center Services, kontakte nou.

- 203-854-0524
- 1.888.571.1744 (Fax)
- <https://norwalkchc.org/sbhc>



**Nou atan pou
nou sèvi bezwen
swen sante
lekòl pitit ou.**

Byenveni nan Norwalk Community Health Center.

Depi 1999, jenerasyon gason ak fanm atravè Fairfield County ak lòt bò yo te konfyè swen sante yo ak byennèt pitit ak fanmi yo nan men nou. Nou pran konfyans sa – ak sante ou– seryezman. **Norwalk Community Health Center klase pami pi gwo sant sante kominote nan nasyon an.** Nou dedye pou nou kenbe bon jan kalite swen nou bay pasyan nou yo – soti nan tibebe ki fenk fèt rive nan granmoun aje – ki anrichi lavi yo nan chak etap epi mennen kominote nou an nan reyalize pi bon sante posib.

Norwalk Community Health Center Sèvis yo enkli:

- Referans bay espesyalis/resous kominotè yo lè li nesèsè
- Kowòdinasyon ak Norwalk Community Health Center ekip Dantè, Sante Mantal ak telepsikyatri, Pedyatri, Medsin Entèn, ak ekip Sante Fanm.
- Sou sit Famasi ak laboratwa

Sant Sante Kominotè Norwalk evalye pa US Sante Resous ak Sèvis Administrasyon nan tèt 10% nan tout sant sante atravè peyi a pou bon jan kalite swen. Plis pase 12,000 gason, fanm ak timoun konfyè swen medikal yo, swen dantè, ak sante mantal nan men nou. E nou pa vire do bay pèsonn akòz sityasyon oswa kapasite pou peye.

Nan McMahon/CGS School Based Health & Wellness Center nou an, yon Pratisyen Enfimye oswa yon Doktè Asistan, yon Travayè Sosyal klinik ki gen lisans/Konseye Pwofesyonèl ki gen lisans nan Sante Mantal, ak yon Sikyat ap disponib pou timoun ou pandan jounen lekòl la.

Norwalk Community Health Center, Inc.

120 Connecticut Avenue • Norwalk, CT 06854

203-899-1770

203.851.1000 (appointments)

203.851.1008 (behavioral health)

www.norwalkchc.org

